

# APLIKE JODIA

## Head Start/Early Head Start Pwogram Preskolè GRATIS

Ap sèvi paran epi fanmi ak timoun piti  
depi nesans rive 5an

Tanpri vizite sit Entènèt nou pou konnen kondisyon elijibilite  
pwogram la

<https://www.browardschools.com/Page/58205>



## Avantaj Aplike pou Head Start/Early Head Start



### Pwofesè/Estaf Kalifye

- Pwofesè preskolè gen sètifikasyon Leta Florid ki pèmèt li anseye nan saldeklas elèv 3zan epi 4tran epi pwopòsyon an se 1:10
- Yon asistan pwofesè ki gen sètifikasyon anseye nan klas elèv 3zan epi 4tran
- Tout saldeklas Early Head Start gen 2 Child Development Associates, pwofesyonèl ki gen sètifikasyon spesyalize nan lanfans Tibebe/Timoun piti



### Aprantisaj ak Devlopman

- Pwomote langaj ak literasi, bonè devlope bon baz pou aprann syans ak matematik
- Fòm, bati relasyon solid kòm baz fondamantal pou aprantisaj bonè
- Soutni devlopman sosyal ak emosyonèl timoun piti
- Soutni aprantisaj grasa jwèt, espresyon kreyativite, epi aktivite gide
- Aktivite pou favorize devlopman fizik ak mouvman lekò



### Sèvis pou Timoun ki Anwole

- Yon jounen preskolè konplèt gratis nan yon milye edikatif
- Toulejou dejene ki bon pou lasante, manje midi ak snak gratis pou fanmi
- Evalyasyon ak tès depistaj pou devlopman, konpòtman epi sante
- Founi swen sante mantal, sèvis swen medikal ak swen pou dan



### Patenarya Familyal ak Byennèt

- Founi sèvis pou paran ak fanmi
- Ede fanmi nan sitiyasyon difisil
- Ede fanmi idantifye epi reyalize bi yo
- Ankouraje fanmi patisipe nan edikasyon pitit yo
- Ankouraje paran patisipe nan desizyon pwogram

**Pou plis enfòmasyon tanpri rele nimewo (754) 321-1961**